ФИФI ФЫМЫГЪОПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪОПЩКIУ

АДЫГЕ ХАБЗЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЗРЭ КЪЫДОКI

№249 (21.407) ● 2008 гъэм дыгъэгъазэм (декабрым) и 30, гъубж ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI ● И уасэр соми 3-щ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Нэхущ Ч. Хь. «Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и цIыхубз артист» цIэ лъапIэр фIощыным и Iуэхукlэ

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Президентым и Указ

Музыкэ гъуазджэм зегъэужьыныкIэ бгъэдэль фIыщIэм папщIэ «Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и цIыхубз артист» цIэ лъапIэр фIощын **Нэхущ Чэрим Хьэчим и къуэм** - солистым-уэрэджыкIакIуэм.

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Президент КЪАНОКЪУЭ Арсен

Налшык къалэ
2008 гъэм дыгъэгъазэм и 26-м
№138-УП

КIуэкIуэ М. В. Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и ЩIыхь тхылыр етыным и Iуэхукlэ

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Президентым и Указ

Зыбгъэдэт къулыкIым эрехьулIэм, хабзэр гъэбыдэныкIэ, юридическэ лэжьакIуэхэр гъэхъэзырыныкIэ иIэ екъуIэныгъэхэм, илъэс куэд Владимир хьэлэлу зэрылажьэм папщIэ Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и ЩIыхь тхылыр етын **КIуэкIуэ Мухьэмэд Владимир и къуэм** - Тезырхэр егъэхьанныкIэ федеральнэ къулыкIым и Управленэу Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм щыIэм и унафэщIым и къудэгъэм.

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Президент КЪАНОКЪУЭ Арсен

Налшык къалэ
2008 гъэм дыгъэгъазэм и 26-м
№139-УП

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и къэрал наградэхэр тыным и Iуэхукlэ

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Президентым и Указ

ЯIэ екъуIэныгъэхэм папщIэ икIи илъэс куэд лъандэрэ хьэлэлу зэрылажьэм быхьэкIыу

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и ЩIыхь тхылыр етын

Iощын Сергей Iуэсе и къуэм - Къэрал мылькуэ зехьэныкIэ федеральнэ агентствэм и ЩIыналъэ управленэу Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм щыIэм и унафэщIым

Боровик Татьянэ Василий и пхъум - «Севкавремтрен» акционер обществэ зэIуахэм экономикэмкIэ и отделым и унафэщIым

Ольмезов Мухьэмэд Иброхьим и къуэм - Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Налшык къалэ судым и тхьэмадэм и къуэдэм

Рэмзан Раисэ Хьэжысмел и пхъум - Шэрэдж муниципальнэ районым и администрацэм и Iэтащхьэм и къудэгъэм;

«Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм щIыхь зиIэ и дохутыр» цIэ лъапIэр фIощын

Асанов Лейла Юсуп и пхъум - Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм Лжьышгъэмрэ социальнэ зыужьыныгъэмкIэ и министерствэм и «Лэгъупыкъу» республикэ сабий социально-реабилитацэ центр» къэрал IуэхущIапIэм и унафэщIым узынщагъэр зэтегъэуцужьыныкIэ и къудэгъэм

«Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм щIэныгъэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ» цIэ лъапIэр фIощын

Тембот ФатIимэт Асльэнбий и пхъум - «Урысейм щIэныгъэхэмкIэ и академием и Къэбэрдей-Балькъэр щIэныгъэ центрым къыгъэлъагIэныжьа я экологиемкIэ и институт» къэрал IуэхущIапIэм и унафэщIым

«Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм промышленностымкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ» цIэ лъапIэр фIощын

ЛIуэжь Адэлбий Билюл и къуэм - «Тэрч алмаз Iэмэпсымэ завод» акционер обществэ зэIуахэм и генеральнэ директорым

«Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм щIыхьэм щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ» цIэ лъапIэр фIощын

Тембот ФатIимэт Асльэнбий и пхъум - «Урысейм щIэныгъэхэмкIэ и академием и Къэбэрдей-Балькъэр щIэныгъэ центрым къыгъэлъагIэныжьа я экологиемкIэ и институт» къэрал IуэхущIапIэм и унафэщIым

«Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм промышленностымкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ» цIэ лъапIэр фIощын

Бакъ Фаниэ Уэсмэн и пхъум - къэрал IуэхущIапIэхэмрэ жылагъуэ Iуэхутхьбзэхэмрэ я лэжьакIуэхэм я профессиональнэ союзым и Къэбэрдей-Балькъэр республикэ комитетым и унафэщIым

«Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм щIыхьэм Iуэхутхьбзэхэр яхуэщIэныкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ» цIэ лъапIэр фIощын

КIэрэф Асльэнбэч Хьэжнагуэ и къуэм - «Горный» производствэ комбинат» муниципальнэ предприятэ зэгуэтым и унафэщIым

«Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм физкультурэмрэ спортымкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ» цIэ лъапIэр фIощын

Усачев Алексей Иван и къуэм- Прохладнэ къалэ округым и администрацэм щIалэгъуалэ политикэмрэ спортымкIэ и къудамэм и унафэщIым

«Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм щIыхь зиIэ и экономист» цIэ лъапIэр фIощын

Черешковэ Олыг Николай и пхъум - «Прохладнэ» ООО банкым и правленэм и унафэщIым.

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Президент КЪАНОКЪУЭ Арсен

Налшык къалэ
2008 гъэм дыгъэгъазэм и 29-м
№141-УП

Щхьэгъэпсэ З. Л. «Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм щIыхь зиIэ и юрист» цIэ лъапIэр фIощыным и Iуэхукlэ

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Президентым и Указ

Кадрэхэр гъэхьэзырыныкIэ егъэшI и щхьэкIэ лъэкIыгъэшхуэ зэрыгъэфIигъэкIам икIи илъэс куэд лъандэрэ хьэлэлу зэрылажьэм папщIэ «Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм щIыхь зиIэ и юрист» цIэ лъапIэр фIощын **Щхьэгъэпсэ Заурбий Лол и къуэм** - «Урысей Федерацэм Къэрал кIуэцI IуэхущIапIэ и министерствэм Краснодар дэт и университет» профессиональнэ щIэныгъэ нэхъыщхьэ щрагъэгъуэт федеральнэ къэрал едзапIэм Налшык дэт и къудамэм и унафэщIым.

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Президент КЪАНОКЪУЭ Арсен

Налшык къалэ
2008 гъэм дыгъэгъазэм и 29-м
№142-УП

ЩIалэгъуалэр ягъэлъапIэ

● ЩIэныгъэ

Дыгъэгъазэм и 27-м КъБР-м и Правительствэм и Унэм Президент Къанокъуэ Арсен щIалэщIащ «ЩIэныгъэ» лъэпкъ проектым хнубыдэ дунейпсо, урысейпсо, щIыналъэ зэпеуэхэм текIуэныгъэ ящыщызыхьа щIыхь 44-м иIи фIыщIэ тхылъхэр, саугъэтхэр щаритыжащ.

ЗэIуущIэр къызэIуихащ КъБР-м щIэныгъэмрэ егъэджэныгъэмкIэ и министр **ЩхьэгъэпсэО Сэфарбий.** Абы щIалэгъуалэм псалъэ гуапэкIэ захуигъэзащ, екъуэхъуащ.

Президент **Къанокъуэ Арсен** къыщIэпсалъэм къыхигъэщащ къэралым, республикэм и экономикэ, политикэ, щэнхабзэ гъащIэм иджырей щIалэгъуалэр фIыуэ зэрыхэлажьыхьыр, адэкIи апхуэдэу щытыну зэрыщыгугъыр.

- ЩIалэгъуалэращ къаруущIэрэ гукъыдэж кьоэт зэфIэкIрэ кьызыбгъэдэкI хабзэр. Си гуапэ мэхъу ди республикэм и щIалэщIэхэмрэ пщащэхэмрэ екIуэрэ ещхьу утыку зэрихьэфыр, езыхэм хуэдэхэр зэрызытрамыгъакIуэр. Хэхъуэну, дэкIуеину хущIэкъу щыхухэм я щIэзгъэкъуэну къуэр «ЩIэныгъэ» лъэпкъ проектыр кьыщIыхьатхьари нобэ хуэдэ зы махуэщ. Сынывохъуэхъу, фи ехьулIэныгъэхэм нэхъри хэвгъэхъуэну, гукъыдэжрэ дэрэжьгъуэрэ фи куэду фыпсэуну, дызытехьэ илъэсыщIэрэи махуэ фхуэхъуну, - жиIащ Президентым.

Дунейпсо, урысейпсо щIыналъэ зэпеуэхэмрэ олимпиадэхэмрэ яп увыпIэр кьыщызыхьа щIыхь 44-м ящыщу щIыхь 33-м федерал мылькуэм ящыкIыу сом мин хыщI-хыщI иратащ, етIуанэ, ещанэ увыпIэхэр зыубыдахэм сом мин 30, республикэ саугъэтыр - сом мин 15 хъур - щIыхь 11-м лъагъэсащ.

ЗэIущIэм и кIэм щIалэгъуалэм Президентым фIыщIэ хуащIащ, и гъусэу сурэт зытрагъэхащ.

КъАНЫКЪУЭ Анфисэ.

● Хъыбар гупэ

Иджырей Iэмэпсымэхэмкlэ къызэгъэпэща IуэхущIапIэхэр

Дыгъэгъазэм и 27-м Налшык къыщызэIуахащ щIэныгъэ, хозыфхэр щызэхэтыкIэ медицинэ центрымрэ зэпещIащэр зэфIэкъэвжьыным хуэунэмIа физкультурэм и унэмрэ. А тIуми хьэзыр зэрещIам еплъащ КъБР-м и Президент Къанокъуэ Арсен.

ФИЗКУЛЬТУРЭМКIЭ щIеIэзэ IуэхущIапIэм и унэр 1964 гъэм ящIауэ щытащ. Ар Налшык и курорт Iыхьлэм хеубыдэ, ауэ зэман кIыхькIэ Iэ зэремыIэ щIыхь кьыщIэкIыу икьукIэ фейцей хьуат.

Иджы а унэр екIуу кьаехъащIэрэщIэжащ, спорт залу тIу гуащIыхьащ, зыгъэпсакIыпIэжэ зэрагъэпэщыжащ. Бассейныр и куурыгьыр метрэ 4-м нагъэсащ щIэрыщIэу къращIыкIыжащ.

Бжэхэмрэ щхьэгъубжэхэмрэ зэрахьэжащ, энергэгъэпIэ котельнэ щхьэхуэ ягъэуващ. IуэхущIапIэм и пщIантIэри зыхуей хагъэхащ. Псори зэхэту я ухуэныгъэм текIуэда сом мелуан 56,5-р федеральнэ бюджетым кьыхэкIащ.

Сымаджэхэм щIеIэзэ, узыфэхэр щызэхэгъэкI центрыр зы илъэсым кьаригьыдэу зэрагъэпэщыжащ. Къаныкъуэ Арсен кьыззэрихигъэщамкIэ, иджы ар Iэмэму Iажьэ къыщIэщIэ зыхуей IэщIагъэлI псори иIэщ, ауэ абы хэзэрэ яхуэфащэ улахъуэ яхуэгъэувын хуейщ. Абыхэм сэбэп хьунущ лэжьапIщ тыкIэм и отраслевой хабзэхэр щыкIыпIэ 1-м щыщIэдзауэ кьыззэрагъэсэбэпынур.

Центрым и Iуэхутхьбзэхэр кьыззэпэIыкIыну щIыхьэм папщIэ абыхэм я уасэхэр ягъэмэщIэнущ е пщIэншэ дыдэу щытынкIэ хьунущ. Нэхъ пуду е пщIэншэу Iуэхутхьбзэхэр зыхуащIапхъэхэр игъэбеледжьыныну Къаныкъуэ Арсен кьалэн щиIащ КъБР-м и узынщагъэр хьумэныкIэ и министр Бицу Вадим: «Арыншамэ ахвшэкIэ хуащIахэм фIэкI мы IуэхущIапIэм кьемыкIэлъфыныкIэ хьунущ, ар зыкIи кьеизэгъыркъым».

Президентым жиIащ узынщагъэр хьумэныр Iуэху нэхъыщхьэ дыдэхэм зэращыщыр икIи абы зэпымыуэу гульытэ зэрэпсэуращынур кьыхихгъэщхьэхуэкIащ.

МЕЧИЕВАсхьэт,
КъБР-м и Президентымрэ Правительствэмрэ я пресс-IуэхущIапIэм и лэжьакIуэ.

«Зыуэ щыт Урысей» партым дзыхь зригъэзэжэр къегъэлъагъуэ

● 2009 гъэм гъатхэпэм и 1-м КъБР-м и Парламентым хахынущ

Республикэм законхэр къыдэзыгъэкI и орган нэхъыщхьэм и еплIанэ зэхуэгъэсыгъуэм иديпутатхэр мы гъэм яп дыдэу хахынущ парт спискэхэм ящкIи.

АРАЩ ихъыбгэу зи гугъу щащIар 2008 гъэм дыгъэгъазэм и 26-м «Зыуэ щыт Урысей» партым и щIыналъэ къудамэм иригъэкIуэкIа XV конференцым. Абы кьрихьэлIащ партым и щIыпIэ организацэ псоми щыхаха делегату 259-рэ. Конференцым щIыналъэ республикэм и щэнхабзэ, социально-экономикэ Iэнатlэхэм зегъэужьыным и лъэныкъуэкIэ партым и щIыналъэ къудамэм хэхыныгъэм и пэ кьыхуэу игъэхьэзыра программэм и проектыр.

Къэрал Думэм и депутат, УФ-м и Ипщэ щIыналъэ зэхуаку зэзыгъэуIу советым и унафэщIым и къуэдзэ **Муслимов Ильяз** конференцым кьыщыщIыпсалъэм кьыхигъэщхьэхуэкIащ иджырей хэхыныгъэхэр зэман мытынишым зэрырихьэлIэр икIи абы кьыхэхIыу Парламентым щIэуэ хахыну псоми я пщэ кьалэн инхэр кьызэрыдэхуэр. Кьэпсалъэм хэхауэ кьигъэлъэгъуащ партым и Къэбэрдей-Балькъэр щIыналъэ къудамэм хэхыныгъэм и пэ кьыхуэу игъэхьэзыра программэр «Зыуэ щыт Урысей» партым и Генеральнэ советым сыт и лъэныкъуэкIи зэгъэуIуауэ къыззэрилытащ. «Фэфхуэдэу щIыналъэ псоми я кIэн кьыкIакъым - абыхэм куэд яхэтхьыжьанэми гугъу зрагъэхьу зэрыдзэжьам папщIэ фIыщIэ яхуищIащ. КъБР-м и Президентым кьыхигъэщхьэхуэкIащ Парламентым парт зэмылIужьыгъуэхэм я лIыкIуэхэр хэтмэ зэрыфIэтэмэмыр. «Зауагъэ хъунтэкъым зы партым и лIыкIуэхэм фIэкIа депутату хамыныкыр икIи жэуапльныгъэр зэрыщыту апхуэдэ зы пщIэ и пщэ кьыщIэщхьэхуэкIащ. Дэ кризисым и лъэхъэнэ нэхъ ткIийм дыхьохьэ икIи абы хэщIыкIыгъэшхуэ димыIэу дыкьыкъэхIын папщIэ нэхъри быдэу дызэкъуэрэн икIи дегугъуу дылэжьэн хуейщ».

Конференцым и дэжьыгъэм хэтащ КъБР-м и Парламентым и Унафэщ **Бечелов Ильяс**, УФ-м и Президентым и Администрацэм къэрал кIуэцI политикэмкIэ и управленэм и лэжьакIуэ **Карчаев Ренат**. Конференцыр иригъэкIуэкIащ «Зыуэ щыт Урысей» партым и щIыналъэ къудамэм и политоветым и секретарь **Жэрыкъуэ Борис**.

ХЬЭГУАРЭ Джамилэ.

ИльэсыщIэм и нэщэнэ

Налшык къалэ дэт «Оазис» сату IуэхущIапIэм гъэ къэс щэкIуэгъуэм и 1-м къыщызэIуах ильэсыщIэ псейр зэрагъэщIэращIэ хьэпшыпи щыкIуфэкIуэкIэ щащэ тыкуэн щыдыкIу. Абы щIэльщ хьэпшыпи зэмылIужьыгъуэу зы миным щIигъу, дэтхэнэри нэр тепщIыпщIэу гъэщIэрэщIащ. Украинэм къраш мы хьэпшыпхэр IэкIэ ягъэщIэращIэу аращи, зы экземпляр закъуэ фIэкIа мыхъуэхэри яхэтщ. Псейм фIаIалъхь щIуугъэнэхэм нэмыщIи, тыкуэным къыщыбогъуэт уи Iыхьлыхэм уаэзэрыхуэупсэн саугъэт щIэщыгъуэхэри.

Сурэтым щыфлъагъу тыкуэнтет Токъаэ Ольгэ хьэпшыпрэ саугъэту къэпщэхунумкIэ чэнджэщэгъу пхуэхъунущ.

НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэ.
Сурэтыр **К ЪАРЕИ Элинэ** *трихаIащ.*

Къанокъуэ Арсен Къардэнгъущ Iзырамыку и унагъуэм яхуогузавэ

Щэбэт кIуам щIалъхьащ лъэпкъ щэнхабзэм и лэжьакIуэ гъуэгурыкIуэ, КъБР-м и щыхьэт артист, КъБР-мэр Адыгэ Республикэмрэ IуэхущIапIэмрэ щыIэ зиIэ и лэжьакIуэ Къардэнгъущ Зырамыку ПатIурэ и къуэр. Къэбэрдей-Балькъэрым и Президент Къанокъуэ Арсен дунейм ехыжам и унагъуэм щыIащ икIи абы и Iыхьлыхэм яхуогузавэ.

РЕСПУБЛИКЭМ и Iэтащхьэм къыхигъэщхьэхуэкIащ Къардэнгъущ Зырамыку цIыхуищхуэу зэрыщытар, лъэпкъ щэнхабзэм зегъэужьыным абы куэд зэрыхищIыкIыр. «Зырамыку къызэрымыкIуэ цIыхуу, Iуэху куэдым хуэIэзэу щытащ. Къэбэрдей-Балькъэрыр абы и цIэм ирогъэ икIи ильэс куэдкIэ адыгэ Iуэрыдуэтэр зэрыязэхуихьсыжам, цIыхубэ уэрэдхэр тельыджэу жиIэу зэрыщытам, драматургиеми сценэми лIыхъужьхэм я образхэр зэрыщIэтам пщIэшхуэ хуеIуэ. Абы и Iэдакъэм кьыщIэкIа псори ди лъэпкъым хьугъуфIыгъуэ кьыхуэунащ», - жиIащ Къаныкъуэ Арсен.

КъБР-м и Президентымрэ Правительствэмрэ я пресс-IуэхущIапIэ.

● Щыгъуэ телеграммэхэр

И пщIэр зэи кIуэдыжынукъым

ИОРДАНИЕМ ис адыгэ псоми гущIыхьэ тщыхъуащ щIэныгъэлI щIэрыIуэ, лъэпкъ щэнхабзэм псэужьлIэжу хуэпсэжьа, ди куэдым лъапIэ Къардэнгъущ Зырамыку дунейм зэрехьажар. Ешыр тхэкIыжами, абы кьызэринэкIащ зи пщIэр зи мыкIуэдыжьын IэдакъэщIкI тельыджэхэр. Зырамыку зыхуэлэжьар адыгэ Iэпкъыщ, абы и пщIэр лъагэ хуныкIыр, и щэнхабзэм нэхъри зиужьынырыщ. ИгъащIэкIэ дигу илъынущ ди лъэпкъэгъу щэджащэм и фэепль нэхур.

Уэрдым Мухьэмэд-Алий, Абыдзэхэ Iэниуаррэ Усамэрэ, Балькъэр Мухьэмэд, Алъэскырхэ Мухьэмэд, Ихьсан, Имад, Шэхьир, Хьусам, Уэлид, Самир, Мамдуль, Талъостэн Хьэшим, Дзанэ Аньний, Къардэн Самир, Исхьэкъат Джамил, ЛампIэжь Амжэд, Хьенэ Нэуаф, Хэкужь Мусэ, Iумэт Сэид, Хэкужь Хьердин, Абеикъуэ Башир, Хъымыщ Омран, Балъкъэр Iэниуар, Жамболэт тIэхьсин, Стащ Фозий, Хъунэгу Надия, Дыгъужьокъуэ Мухьэмэд, Нэхущ Мыхьмуд, Азокъуэ Мусэ, Молэ Исхьэкъ, Апэжьыкь Майе.

Иордание, Амман къалэ.

* * *

КЪАРДЭНГЪУЩI Зырамыку дунейм зэрехьажар ягу щIыхьауэ, абы и унагъуэм, и Iыхьлыхэм, и благъэхэм кьахуэгуэзэващ:

- **♦Тыркум щыIэ Адыгэ Хасэхэм я федерацэр** *(Кафдер);*
- **♦Сирием щыIэ Адыгэ ФIыщIэ Хасэр;**
- **♦ Германием щыIэ Адыгэ Хасэр;**
- **♦Адыгэ Республикэм и Адыгэ Хасэр;**
- **♦Къэрэшей-Шэрджэс Республикэм и Адыгэ Хасэр;**
- **♦ Абхъаз Республикэм и ТхакIуэхэм я союзыр;**
- **♦Москва дэс адыгэхэм я Хасэр;**
- **♦КъШР-м и ТхакIуэхэм я союзым и правленэм и гущIэБэчыжь Лейлэ;**
- **♦ЩIэныгъэхэм я Урысей Академием психологиемкIэ и институтым и профессор Къэбардэ Мухьэмэд;**
- **♦Урысей Федерацэм щIыхь зиIэ и артист, Къэрэшей-Шэрджэсым, Къэбэрдей-Балъкъэрым, Адыгейм я щIыхьэ артист Тут Заур.**
- **♦Къэбэрдей Адыгэ Хасэр;**
- **♦Дунейпсо Адыгэ Хасэр;**
- **♦Хамэ къэрал къикIыжауэ КъБР-м щIпсэухэм кьаабгъэдэкIыу** *(Абеикъуэ Шухьэиб, Къумыкъуэ Мамдухь, н.);*
- **♦ Шапсыгъ Адыгэ Хасэр;**
- **♦Мэзэдгу Адыгэ Хасэр;**
- **♦Ставрополь Адыгэ Хасэр;**
- **♦Голландием щыIэ Адыгэ Хасэр;**
- **♦США-м щыIэ Адыгэ ФIыщIэ Хасэр** *(Нью-Джерси штат);*
- **♦Калифорниием** *(США)* **щыIэ Адыгэ щэнхабзэ Хасэр;**
- **♦«Карпак-Н» фирмэр** *(Налшык къ., унафэщIыр Сэбаншы Назмиц).*

Къэбардей-Балькъэрым я зэкъуэтыныгъэр гъэбыдэн

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Президент Къанокъуэ Арсен ебыым и лэжьапIэм щыIуущIащ УФ-м и Федеральнэ Зэхуэсым Федерацэмкlэ и Советым Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и комитетым и унафэщI. КъБР-м и гъэзэщIакIуэ органэм я лIыкIуэу Федерацэмкlэ Советым хэт Чеченов Хьусейн. Зэ1ущIэм гулытэ хэха щыхуащIащ республикэм иц лъпкъхэм яку дэлъ зэхуущыныкIэхэр егъэфIэкIуэным пыщIа Iуэхуэхэм.

ЧЕЧЕНОВ Хьусейн жиIащ КъБР-м и Президентым иригъэкIуэкI лэжьыгъэр икIи жылагъуэ зэхуаку щIыналъэхэр жылагъуэ пыуухьаIакIэм хэгъэхьэжьным теуухуаеу Президентым и унафэкIэ республикэм и властым и органэхэм я лэжьакъэр зэрыдгIыгъыр. Абыхэм къадэкIуэу сенаторым кьыхилъхьащ, езым кьызэрильытэмкIэ, республикэм и лъэпкъхэм яку дэлъ зэхуущыныгъэ кIэхэр, зэгурыIуэныгъэр гъэбыдэным и лъэныкъуэкIэ сэбэп хьуну Iуэху зыбжанэ. Кьапщтэмэ, абыхэм ящIыщ Налшык къалэ округым хэтыным е абы кьыхэкIыжьным теухуауэ Хьэсэнэй, Белая Речка посёлкэм референдум щегъэкIуэкIыным, Кавказ Ищхьэрэм я профессиональнэ щыкIэпшныгъэ Абаев Султанбек и цIэр Гъуазджэмкlэ Кавказ Ищхьэрэ институтым фIощыным. Апхуэдэу сенаторым кьыхихгъэщащ IуащIкъэмахуэтIауэ Къбр-м и Президентым иригъэкIуэкI политикэр цIыхухэм я зэрыкъуэкIыным, политикэм и щэнхабзэ гъащIэм иджырей щIалэгъуалэр фIыуэ зэрыхэлажьыхьыр, адэкIи апхуэдэу щытыну зэрыщыгугъыр.

- ЩIалэгъуалэращ къаруущIэрэ гукъыдэж кьоэт зэфIэкIрэ кьызыбгъэдэкI хабзэр. Си гуапэ мэхъу ди республикэм и щIалэщIэхэмрэ пщащэхэмрэ екIуэрэ ещхьу утыку зэрихьэфыр, езыхэм хуэдэхэр зэрызытрамыгъакIуэр. Хэхъуэну, дэкIуеину хущIэкъу щыхухэм я щIэзгъэкъуэну къуэр «ЩIэныгъэ» лъэпкъ проектыр кьыщIыхьатхьари нобэ хуэдэ зы махуэщ. Сынывохъуэхъу, фи ехьулIэныгъэхэм нэхъри хэвгъэхъуэну, гукъыдэжрэ дэрэжьгъуэрэ фи куэду фыпсэуну, дызытехьэ илъэсыщIэрэи махуэ фхуэхъуну, - жиIащ Президентым.

Дунейпсо, урысейпсо щIыналъэ зэпеуэхэмрэ олимпиадэхэмрэ яп увыпIэр кьыщызыхьа щIыхь 44-м ящыщу щIыхь 33-м федерал мылькуэм ящыкIыу сом мин хыщI-хыщI иратащ, етIуанэ, ещанэ увыпIэхэр зыубыдахэм сом мин 30, республикэ саугъэтыр - сом мин 15 хъур - щIыхь 11-м лъагъэсащ.

Зэ1ущIэм и кIэм щIалэгъуалэм Президентым фIыщIэ хуащIащ, и гъусэу сурэт зытрагъэхащ.

КъАНЫКЪУЭ Анфисэ.

И пщIэр зэи кIуэдыжынукъым

ИОРДАНИЕМ ис адыгэ псоми гущIыхьэ тщыхъуащ щIэныгъэлI щIэрыIуэ, лъэпкъ щэнхабзэм псэужьлIэжу хуэпсэжьа, ди куэдым лъапIэ Къардэнгъущ Зырамыку ПатIурэ и къуэр. Къэбэрдей-Балькъэрыр абы и щэнхабзэм и лэжьакIуэ, щIэныгъэлI щIэрыIуэ, лъэпкъ щэнхабзэм псори ди лъэпкъым хьугъуфIыгъуэ кьыхуэунащ», - жиIащ Къаныкъуэ Арсен.

КъБР-м и Президентымрэ Правительствэмрэ я пресс-IуэхущIапIэ.

● Щыгъуэ телеграммэхэр

И пщIэр зэи кIуэдыжынукъым

ИОРДАНИЕМ ис адыгэ псоми гущIыхьэ тщыхъуащ щIэныгъэлI щIэрыIуэ, лъэпкъ щэнхабзэм псэужьлIэжу хуэпсэжьа, ди куэдым лъапIэ Къардэнгъущ Зырамыку ПатIурэ и къуэр. Къэбэрдей-Балькъэрым и Президент Къанокъуэ Арсен дунейм ехыжам и унагъуэм щыIащ икIи абы и Iыхьлыхэм яхуогузавэ.

РЕСПУБЛИКЭМ и Iэтащхьэм къыхигъэщхьэхуэкIащ Къардэнгъущ Зырамыку цIыхуищхуэу зэрыщытар, лъэпкъ щэнхабзэм зегъэужьыным абы куэд зэрыхищIыкIыр. «Зырамыку къызэрымыкIуэ цIыхуу, Iуэху куэдым хуэIэзэу щытащ. Къэбэрдей-Балькъэрыр абы и цIэм ирогъэ икIи илъэс куэдкIэ адыгэ Iуэрыдуэтэр зэрыязэхуихьсыжам, цIыхубэ уэрэдхэр тельыджэу жиIэу зэрыщытам, драматургиеми сценэми лIыхъужьхэм я образхэр зэрыщIэтам пщIэшхуэ хуеIуэ. Абы и Iэдакъэм кьыщIэкIа псори ди лъэпкъым хьугъуфIыгъуэ кьыхуэунащ», - жиIащ Къаныкъуэ Арсен.

КъБР-м и Президентымрэ Правительствэмрэ я пресс-IуэхущIапIэ.

● Хъыбар гупэ

Иджырей Iэмэпсымэхэмкlэ къызэгъэпэща IуэхущIапIэхэр

Дыгъэгъазэм и 27-м Налшык къыщызэIуахащ щIэныгъэ, узыфэхэр щызэхэтыкIэ медицинэ центрымрэ зэпещIащэр зэфIэкъэвжьыным хуэунэмIа физкультурэм и унэмрэ. А тIуми хьэзыр зэрещIам еплъащ КъБР-м и Президент Къанокъуэ Арсен.

ФИЗКУЛЬТУРЭМКIЭ щIеIэзэ IуэхущIапIэм и унэр 1964 гъэм ящIауэ щытащ. Ар Налшык и курорт Iыхьлэм хеубыдэ, ауэ зэман кIыхькIэ Iэ зэремыIэ щIыхь кьыщIэкIыу икьукIэ фейцей хьуат.

Иджы а унэр екIуу кьаехъащIэрэщIэжащ, спорт залу тIу гуащIыхьащ, зыгъэпсакIыпIэжэ зэрагъэпэщыжащ. Бассейныр и куурыгьыр метрэ 4-м нагъэсащ щIэрыщIэу къращIыкIыжащ.

Бжэхэмрэ щхьэгъубжэхэмрэ зэрахьэжащ, энергэгъэпIэ котельнэ щхьэхуэ ягъэуващ. IуэхущIапIэм и пщIантIэри зыхуей хагъэхащ. Псори зэхэту я ухуэныгъэм текIуэда сом мелуан 56,5-р федеральнэ бюджетым кьыхэкIащ.

Сымаджэхэм щIеIэзэ, узыфэхэр щызэхэгъэкI центрыр зы илъэсым кьаригьыдэу зэрагъэпэщыжащ. Къаныкъуэ Арсен кьыззэрихигъэщамкIэ, иджы ар Iэмэму Iажьэ къыщIэщIэ зыхуей IэщIагъэлI псори иIэщ, ауэ абы кьэзэрэ яхуэфащэ улахъуэ яхуэгъэувын хуейщ. Абыхэм сэбэп хьунущ лэжьапIщ тыкIэм и отраслевой хабзэхэр щыкIыпIэ 1-м щыщIэдзауэ кьыззэрагъэсэбэпынур.

Центрым и Iуэхутхьбзэхэр кьыззэпэIыкIыну щIыхьэм папщIэ абыхэм я уасэхэр ягъэмэщIэнущ е пщIэншэ дыдэу щытынкIэ хьунущ. Нэхъ пуду е пщIэншэу Iуэхутхьбзэхэр зыхуащIапхъэхэр игъэбеледжьыныну Къаныкъуэ Арсен кьалэн щиIащ КъБР-м и узынщагъэр хьумэныкIэ и министр Бицу Вадим: «Арыншамэ ахвшэкIэ хуащIахэм фIэкI мы IуэхущIапIэм кьемыкIэлъфыныкIэ хьунущ, ар зыкIи кьеизэгъыркъым».

Президентым жиIащ узынщагъэр хьумэныр Iуэху нэхъыщхьэ дыдэхэм зэращыщыр икIи абы зэпымыуэу гульытэ зэрэпсэуращынур кьыхихгъэщхьэхуэкIащ.

МЕЧИЕВАсхьэт,
КъБР-м и Президентымрэ Правительствэмрэ я пресс-IуэхущIапIэм и лэжьакIуэ.

«Зыуэ щыт Урысей» партым дзыхь зригъэзэжэр къегъэлъагъуэ

Республикэм законхэр къыдэзыгъэкI и орган нэхъыщхьэм и еплIанэ зэхуэгъэсыгъуэм иديпутатхэр мы гъэм яп дыдэу хахынущ парт спискэхэм ящкIи.

АРАЩ ихъыбгэу зи гугъу щащIар 2008 гъэм дыгъэгъазэм и 26-м «Зыуэ щыт Урысей» партым и щIыналъэ къудамэм иригъэкIуэкIа XV конференцым. Абы кьрихьэлIащ партым и щIыпIэ организацэ псоми щыхаха делегату 259-рэ. Конференцым щIыналъэ республикэм и щэнхабзэ, социально-экономикэ Iэнатlэхэм зегъэужьыным и лъэныкъуэкIэ партым и щIыналъэ къудамэм хэхыныгъэм и пэ кьыхуэу игъэхьэзыра программэм и проектыр.

Къэрал Думэм и депутат, УФ-м и Ипщэ щIыналъэ зэхуаку зэзыгъэуIу советым и унафэщIым и къуэдзэ **Муслимов Ильяз** конференцым кьыщIыпсалъэм кьыхигъэщхьэхуэкIащ иджырей хэхыныгъэхэр зэман мытынишым зэрырихьэлIэр икIи абы кьыхэхIыу Парламентым щIэуэ хахыну псоми я пщэ кьалэн инхэр кьызэрыдэхуэр. Кьэпсалъэм хэхауэ кьигъэлъэгъуащ партым и Къэбэрдей-Балькъэр щIыналъэ къудамэм хэхыныгъэм и пэ кьыхуэу игъэхьэзыра программэр «Зыуэ щыт Урысей» партым и Генеральнэ советым сыт и лъэныкъуэкIи зэгъэуIуауэ къыззэрилытащ. «Фэфхуэдэу щIыналъэ псоми я кIэн кьыкIакъым - абыхэм куэд яхэтхьыжьанэми гугъу зрагъэхьу зэрыдзэжьам папщIэ фIыщIэ яхуищIащ. КъБР-м и Президентым кьыхигъэщхьэхуэкIащ Парламентым парт зэмылIужьыгъуэхэм я лIыкIуэхэр хэмэ зэрыфIэтэмэмыр. «Зауагъэ хъунтэкъым зы партым и лIыкIуэхэм фIэкIа депутату хамыныкыр икIи жэуапльныгъэр зэрыщыту апхуэдэ зы пщIэ и пщэ кьыщIэщхьэхуэкIащ. Дэ кризисым и лъэхъэнэ нэхъ ткIийм дыхьохьэ икIи абы кьыхэхIыу зэрыдыкьыкъэхIын папщIэ нэхъри быдэу дызэкъуэрэн икIи дегугъуу дылэжьэн хуейщ».

Конференцым и дэжьыгъэм хэтащ КъБР-м и Парламентым и Унафэщ **Бечелов Ильяс**, УФ-м и Президентым и Администрацэм къэрал кIуэцI политикэмкIэ и управленэм и лэжьакIуэ **Карчаев Ренат**. Конференцыр иригъэкIуэкIащ «Зыуэ щыт Урысей» партым и щIыналъэ къудамэм и политоветым и секретарь **Ж

Багъ ФатIимэт Берд и пхъур Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм зэзыгъэкIуж и судыщIэм и къульыкъум гъэувыным и Iуэхукlэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэм и 100 статьям и Iыхьэ 1-м и «и» пунктым, 117 статьям и Iыхьэ 3-м, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм зэзыгъэкIуж и судыщIэхэм я Iуэхукlэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым и 6 статьям я пкъ иткIэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещI**:

1. **Багъ ФатIимэт Берд и пхъур** Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм зэзыгъэкIуж и судыщIэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыщ Налшык къалэм и суд участкэ №93-м илъэситху пIалъэкIэ гъэувын.

2. Мы Унафэм къару егъуэт къыщащта махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщ БЕЧЕЛОВ Ильяс

Налшык къалэ
2008 гъэм дыгъэгъазэм и 23-м
№1621-П-П

Валий Альберт Барэсбий и къуэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм зэзыгъэкIуж и судыщIэм и къульыкъум гъэувыным и Iуэхукlэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэм и 100 статьям и Iыхьэ 1-м и «и» пунктым, 117 статьям и Iыхьэ 3-м, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм зэзыгъэкIуж и судыщIэхэм я Iуэхукlэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым и 6 статьям я пкъ иткIэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещI**:

1. **Уэлий Альберт Барэсбий и къуэр** Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм зэзыгъэкIуж и судыщIэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыщ Бахъсэн районым и суд участкэ №1-м илъэситху пIалъэкIэ гъэувын.

2. Мы Унафэм къару егъуэт къыщащта махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщ БЕЧЕЛОВ Ильяс

Налшык къалэ
2008 гъэм дыгъэгъазэм и 23-м
№1622-П-П

Гузеев Сэфарбий Жэмал и къуэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм зэзыгъэкIуж и судыщIэм и къульыкъум гъэувыным и Iуэхукlэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэм и 100 статьям и Iыхьэ 1-м и «и» пунктым, 117 статьям и Iыхьэ 3-м, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм зэзыгъэкIуж и судыщIэхэм я Iуэхукlэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым и 6 статьям я пкъ иткIэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещI**:

1. **Гузеев Сэфарбий Жэмал и къуэр**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм зэзыгъэкIуж и судыщIэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыщ Налшык къалэм и суд участкэ №10-м илъэситху пIалъэкIэ гъэувын.

2. Мы Унафэм къару егъуэт къыщащта махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщ БЕЧЕЛОВ Ильяс

Налшык къалэ
2008 гъэм дыгъэгъазэм и 23-м
№1623-П-П

Дол Маринэ Мухьэрбий и пхъур Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм зэзыгъэкIуж и судыщIэм и къульыкъум гъэувыным и Iуэхукlэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэм и 100 статьям и Iыхьэ 1-м и «и» пунктым, 117 статьям и Iыхьэ 3-м, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм зэзыгъэкIуж и судыщIэхэм я Iуэхукlэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым и 6 статьям я пкъ иткIэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещI**:

1. **Дол Маринэ Мухьэрбий и пхъур** Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм зэзыгъэкIуж и судыщIэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыщ Аруан районым и суд участкэ №91-м илъэситху пIалъэкIэ гъэувын.

2. Мы Унафэм къару егъуэт къыщащта махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщ БЕЧЕЛОВ Ильяс

Налшык къалэ
2008 гъэм дыгъэгъазэм и 23-м
№1624-П-П

Дэдэхъу Людмилэ Нурхьэлий и пхъур Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм зэзыгъэкIуж и судыщIэм и къульыкъум гъэувыным и Iуэхукlэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэм и 100 статьям и Iыхьэ 1-м и «и» пунктым, 117 статьям и Iыхьэ 3-м, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм зэзыгъэкIуж и судыщIэхэм я Iуэхукlэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым и 6 статьям я пкъ иткIэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещI**:

1. **Дэдэхъу Людмилэ Нурхьэлий и пхъур** Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм зэзыгъэкIуж и судыщIэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыщ Шэджэм районым и суд участкэ №91-м илъэситху пIалъэкIэ гъэувын.

2. Мы Унафэм къару егъуэт къыщащта махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщ БЕЧЕЛОВ Ильяс

Налшык къалэ
2008 гъэм дыгъэгъазэм и 23-м
№1625-П-П

Занкишиевэ Алевтинэ Кемал и пхъур Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм зэзыгъэкIуж и судыщIэм и къульыкъум гъэувыным и Iуэхукlэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэм и 100 статьям и Iыхьэ 1-м и «и» пунктым, 117 статьям и Iыхьэ 3-м, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм зэзыгъэкIуж и судыщIэхэм я Iуэхукlэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым и 6 статьям я пкъ иткIэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещI**:

1. **Занкишиевэ Алевтинэ Кемал и пхъур** Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм зэзыгъэкIуж и судыщIэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыщ Шэрдэж районым и суд участкэ №91-м илъэситху пIалъэкIэ гъэувын.

2. Мы Унафэм къару егъуэт къыщащта махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщ БЕЧЕЛОВ Ильяс

Налшык къалэ
2008 гъэм дыгъэгъазэм и 23-м
№1626-П-П

Къандэхъу Моренэ Владимир и пхъур Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм зэзыгъэкIуж и судыщIэм и къульыкъум гъэувыным и Iуэхукlэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэм и 100 статьям и Iыхьэ 1-м и «и» пунктым, 117 статьям и Iыхьэ 3-м, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм зэзыгъэкIуж и судыщIэхэм я Iуэхукlэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым и 6 статьям я пкъ иткIэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещI**:

1. **Къандэхъу Моренэ Владимир и пхъур** Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм зэзыгъэкIуж и судыщIэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыщ Аруан районым и суд участкэ №92-м илъэситху пIалъэкIэ гъэувын.

2. Мы Унафэм къару егъуэт къыщащта махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщ БЕЧЕЛОВ Ильяс

Налшык къалэ
2008 гъэм дыгъэгъазэм и 23-м
№1627-П-П

Кижаевэ Маринэ Вильгелм и пхъур Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм зэзыгъэкIуж и судыщIэм и къульыкъум гъэувыным и Iуэхукlэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэм и 100 статьям и Iыхьэ 1-м и «и» пунктым, 117 статьям и Iыхьэ 3-м, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм зэзыгъэкIуж и судыщIэхэм я Iуэхукlэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым и 6 статьям я пкъ иткIэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещI**:

1. **Кижаевэ Маринэ Вильгелм и пхъур** Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм зэзыгъэкIуж и судыщIэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыщ Налшык къалэм и суд участкэ №11-м илъэситху пIалъэкIэ гъэувын.

2. Мы Унафэм къару егъуэт къыщащта махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщ БЕЧЕЛОВ Ильяс

Налшык къалэ
2008 гъэм дыгъэгъазэм и 23-м
№1628-П-П

Куэшей Мурат Джэбрэил и къуэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм зэзыгъэкIуж и судыщIэм и къульыкъум гъэувыным и Iуэхукlэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэм и 100 статьям и Iыхьэ 1-м и «и» пунктым, 117 статьям и Iыхьэ 3-м, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм зэзыгъэкIуж и судыщIэхэм я Iуэхукlэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым и 6 статьям я пкъ иткIэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещI**:

1. **Куэшей Мурат Джэбрэил и къуэр** Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм зэзыгъэкIуж и судыщIэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыщ Аруан районым и суд участкэ №94-м илъэситху пIалъэкIэ гъэувын.

2. Мы Унафэм къару егъуэт къыщащта махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщ БЕЧЕЛОВ Ильяс

Налшык къалэ
2008 гъэм дыгъэгъазэм и 23-м
№1629-П-П

Тхъэлыджокъуэ Альберд Хьэзешэ и къуэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм зэзыгъэкIуж и судыщIэм и къульыкъум гъэувыным и Iуэхукlэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэм и 100 статьям и Iыхьэ 1-м и «и» пунктым, 117 статьям и Iыхьэ 3-м, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм зэзыгъэкIуж и судыщIэхэм я Iуэхукlэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым и 6 статьям я пкъ иткIэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещI**:

1. **Тхъэлыджокъуэ Альберд Хьэзешэ и къуэр** Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм зэзыгъэкIуж и судыщIэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыщ Прохладнэ районым и суд участкэ №2-м илъэситху пIалъэкIэ гъэувын.

2. Мы Унафэм къару егъуэт къыщащта махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщ БЕЧЕЛОВ Ильяс

Налшык къалэ
2008 гъэм дыгъэгъазэм и 23-м
№1630-П-П

Хьэгъэс Верэ Iумэтджэрий и пхъур Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм зэзыгъэкIуж и судыщIэм и къульыкъум гъэувыным и Iуэхукlэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэм и 100 статьям и Iыхьэ 1-м и «и» пунктым, 117 статьям и Iыхьэ 3-м, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм зэзыгъэкIуж и судыщIэхэм я Iуэхукlэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым и 6 статьям я пкъ иткIэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещI**:

1. **Хьэгъэс Верэ Iумэтджэрий и пхъур** Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм зэзыгъэкIуж и судыщIэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыщ Тэрч районым и суд участкэ №91-м илъэситху пIалъэкIэ гъэувын.

2. Мы Унафэм къару егъуэт къыщащта махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщ БЕЧЕЛОВ Ильяс

Налшык къалэ
2008 гъэм дыгъэгъазэм и 23-м
№1631-П-П

ХьэпащIэ Вячеслав Владимир и къуэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм зэзыгъэкIуж и судыщIэм и къульыкъум гъэувыным и Iуэхукlэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэм и 100 статьям и Iыхьэ 1-м и «и» пунктым, 117 статьям и Iыхьэ 3-м, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм зэзыгъэкIуж и судыщIэхэм я Iуэхукlэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым и 6 статьям я пкъ иткIэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещI**:

1. **ХьэпащIэ Вячеслав Владимир и къуэр** Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм зэзыгъэкIуж и судыщIэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыщ Бахъсэн районым и суд участкэ №92-м илъэситху пIалъэкIэ гъэувын.

2. Мы Унафэм къару егъуэт къыщащта махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщ БЕЧЕЛОВ Ильяс

Налшык къалэ
2008 гъэм дыгъэгъазэм и 23-м
№1632-П-П

ХьэшкIуий Хьэбас Хьэжбий и къуэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм зэзыгъэкIуж и судыщIэм и къульыкъум гъэувыным и Iуэхукlэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэм и 100 статьям и Iыхьэ 1-м и «и» пунктым, 117 статьям и Iыхьэ 3-м, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм зэзыгъэкIуж и судыщIэхэм я Iуэхукlэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым и 6 статьям я пкъ иткIэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещI**:

1. **ХьэшкIуий Хьэбас Хьэжбий и къуэр** Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм зэзыгъэкIуж и судыщIэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыщ Прохладнэ къалэм и суд участкэ №2-м илъэситху пIалъэкIэ гъэувын.

2. Мы Унафэм къару егъуэт къыщащта махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщ БЕЧЕЛОВ Ильяс

Налшык къалэ
2008 гъэм дыгъэгъазэм и 23-м
№1633-П-П

Шыд Амур Къэралшу и къуэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм зэзыгъэкIуж и судыщIэм и къульыкъум гъэувыным и Iуэхукlэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэм и 100 статьям и Iыхьэ 1-м и «и» пунктым, 117 статьям и Iыхьэ 3-м, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм зэзыгъэкIуж и судыщIэхэм я Iуэхукlэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым и 6 статьям я пкъ иткIэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещI**:

1. **Шыд Амур Къэралшу и къуэр** Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм зэзыгъэкIуж и судыщIэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыщ Аруан районым и суд участкэ №93-м илъэситху пIалъэкIэ гъэувын.

2. Мы Унафэм къару егъуэт къыщащта махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщ БЕЧЕЛОВ Ильяс

Налшык къалэ
2008 гъэм дыгъэгъазэм и 23-м
№1634-П-П

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм егъэджэныгъэмкIэ и къэрал Iуэхущ1ап1эхэм я лэжьакIуэхэм я лэжьапщIэр зэрырат отраслевой хабзэм теухуа Положеным и Iуэхукlэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

2008 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м *№282-ПП*

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал Iуэхущ1ап1эхэм я лэжьакIуэхэм я лэжьапщIэр зэрырат отраслевой хабзэр къэгъэсэбэныным и Iуэхукlэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм 2008 гъэм щыщхьэIум и 19-м къыдигъэкIа Унафэ №196-ПП-м тету икIи Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм **унафэ ещI:**

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм егъэджэныгъэмкIэ и къэрал Iуэхущ1ап1эхэм я лэжьакIуэхэм я лэжьапщIэр зэрырат отраслевой хабзэм теухуа Положенэу мы унафэм щыIыгъ къэщтэн.

2. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и муниципальнэ районхэмрэ къалэ округхэмрэ я администрацэхэм чэнджэщ етын егъэджэныгъэм и муниципальнэ Iуэхущ1ап1эхэм я лэжьапщIэм зэрырат отраслевой хабзэм теухуа норматив правовой актэр мы унафэм икIи иткIэ къащтэну.

3. Мы Унафэм къару егъуэт 2009 гъэм щIышылэм и 1-м щыщIэдзауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщ ЯРИН Андрей

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм зэзыгъэкIуж и къэрал Iуэхущ1ап1эхэм я лэжьакIуэхэм я лэжьапщIэр зэрырат отраслевой хабзэм теухуа Положеным и Iуэхукlэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

2008 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м *№284-ПП*

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал Iуэхущ1ап1эхэм я лэжьакIуэхэм я лэжьапщIэр зэрырат отраслевой хабзэр къэгъэсэбэныным и Iуэхукlэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм 2008 гъэм щыщхьэIум и 19-м къыдигъэкIа Унафэ №196-ПП-м тету икIи Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм узынщагъэр хъумэныжкIэ и къэрал Iуэхущ1ап1эхэм я лэжьакIуэхэм я лэжьапщIэр зэрырат отраслевой хабзэм теухуа Положеным и Iуэхукlэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм **унафэ ещI:**

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм узынщагъэр хъумэныжкIэ и къэрал Iуэхущ1ап1эхэм я лэжьакIуэхэм я лэжьапщIэр зэрырат отраслевой хабзэм теухуа Положенэу мы унафэм щыIыгъ къэщтэн.

2. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и муниципальнэ районхэмрэ къалэ округхэмрэ я администрацэхэм чэнджэщ етын узынщагъэр хъумэным и муниципальнэ Iуэхущ1ап1эхэм я лэжьапщIэм зэрырат отраслевой хабзэм теухуа норматив правовой актэр мы унафэм икIи иткIэ къащтэну.

3. Мы Унафэм къару егъуэт 2009 гъэм щIышылэм и 1-м щыщIэдзауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщ ЯРИН Андрей

●Адыгэ Республикэм

КъБР-м и Парламентым и Унафэщ1у, Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхъэмадэу, Урысей Федерацэм и Къэрал Думэм и Комитетым и унафэщ1ым и къуэдзэу лэжьа Нэхущ Заурбий Адыгэ Республикэм и Президент ТхьэкIуцынэ Аслъэнджэрий къохъуэхъу Адыгейм и ЦIыхубз Зэхуэсым - Адыгэ Хасэм и «Хабзэ. ЦIыхъ. Щапхъэ» медалыр къыззыратамкIэ.

Сурэтыр **АЛИЙ Юрэ** *трихащ. Мейкъуапэ къалэ, 2008 гъэ, дыгъэгъазэ мазэ.*

●Хэхыныгъэ-2009

Ахъшэр зэрызэхалъхьэ щIыкIэр, ар къызэрагъэсэбэпыр

Республикэм законэхэр къыдэзыгъэкI и орган нэхъыщхьэмэ и депутатхэр хэхыным зыщIыхуагъэхьэзыр мы лъэхъэнэм мыхьэнэшхуэ иIэщ хэхакIуэ зэгухьэныгъэхэм хэхыныгъэр егъэкIуэкIыным трагъэкIуэдэну ахъшэр къызэщIэгъэуIуэным, ар хабзэм тету къэгъэсэбэпыным. Абы теухуауэ ди корреспондентыр елсэльащ КъБР-м и Хэхакlуэ комиссэм и консультант Жазаевэ Каринэ.

- Хэхакlуэ зэгухьэныгъэхэм финанс Iуэхуэхэр зэрызэблагъэкIынур сыт хуэдэу?

- Кандидатхэм я спискэхэр къызыгъэльэгъуа хэхакlуэ зэгухьэныгъэхэм хэхыныгъэ фондхэр къызэрагъэпэщыну я къалэнщ. Абы папщIэ дэтхэнэ хэхакlуэ зэгухьэныгъэми ехы и счет хэха къызэIуихын хуейщ. Дэтхэнэ хэхакlуэ зэгухьэныгъэми апхуэдэ счету къызэIуих хьунур зыщ икIи а счетыр Урысейм и Хьумапl1э банкым и Iуэхущ1ап1эм иращIылIа зэгурыIуэныгъэм ипкъ иткIэ къызэIуах. Хэхыныгъэ счет щхьэхуэр Урысейм и Хьумапl1э банкым и Iуэхущ1ап1эм зыхуэфащэ документ псори ирата нэужь пIалъэ къыхамыгъэкIыу къызэIуахын хуейщ. Хэхыныгъэ счет щхьэхуэр къызэрызэIуахым, абы ахъшэ зэрырагъэкIуэм папщIэ пщIэ Iахыркъым. Хэхыныгъэ счет щхьэхуэм иль ахъшэр къызэригъэсэбэпым папщIэ банкым процент гуэрхэр щхьэщитыкIыркъым. Хэхыныгъэ счет щхьэхуэм ирахьэхь ахъшэр зэрыщIу Урысей Федерацэм и валютэщ.

- Хэхыныгъэ фондхэр сыт хуэдэ ахъшэхэм я къэкIэ къызэрагъэпэщэр, абы и лъэныкъуэкIэ мардэ гуэрхэр щыIэ?

- Хэхакlуэ зэгухьэныгъэм и хэхыныгъэ фондым кьихьыу нэхьыбэ дыдэу кьигъэсэбэныну зыхуитыр сом 20000000 (мелуан тIощIщ). Абы и зэхуэдитIым щимыгъур - сом мелуани 10-м нэсыр - езы хэхакlуэ зэгухьэныгъэм и ахъшэу хилъхьэ хьунущ. Цыхуу щхьэхуэхэм езыхэм я фIэфIыныгъэкIэ къагъэхь хьунущ сом зы мелуаным нэс, юридическэ IэнатIэхэм кьыхалъхьэну хуитщ сом мелуани 4.

Урысей Федерацэм и цыхуэм езым и фIэфIыгъэкIэ хилхьэну ахъшэр, связым и отделенэр е кредит Iуэхущ1ап1эр кьегъэсэбэпри, езым и ахъшэм щыщу хэхыныгъэ счет щхьэхуэм егъэхь. Ахъшэ хилхьэн папщIэ цыхуэм езым и паспортыр е абы и пIэ иувэ документ иIыгъын хуейщ. Ахъшэр щыхилхьэкIэ, абы зыхуэфащэ тхыгъэм кьышегъэльагъуэ и унэцIэр, и цIэр, и адэцIэр, кьыщалъхуа зэманыр, щыпсэу щыпIэм и адресыр, паспортым е абы и пIэ иувэ документым и сериемрэ номерымрэ, езыр зи цыхуу щыт къэралыр.

А цIыху щхьэхуэм зэхыныгъэ счетым ахъшэ иригъэхьын папщIэ зыхуэфащэ платеж тхылъыр кредит Iуэхущ1ап1эм етх ахъшэ Iэрымылъхьэр зегъэкIуэныжкIэ хабзэу Урысей Федерацэм и Банк нэхьыщхьэм игъэувам тету. Апхуэдэм дежи платеж тхылъым «Ахъшэр зыхуэунэтIар» и сатырым уэрэ кредит Iуэхущ1ап1эм ирегъэжь цыхуэм платеж документым кьыщигъэльэгъуахэр.

Юридическэ IэнатIэм хэхыныгъэ фондым езым и фIэфIыныгъэкIэ хилхьэр ахъшэ Iэрымылъхьэщ. Апхуэдэ ахъшэр хэхыныгъэ фонд щыхьэхуэм щигъэхьэкIэ, юридическэ IэнатIэм платеж документым кьыщегъэльагъуэ налог зытым и идентификацэ номерыр, Iуэхущ1ап1эм зэреджэр, ар щатха зэманыр, банкым щIэ реквизитхэр.

Кандидатхэм езыхэм я хэхыныгъэ фондхэр къызэрагъэпэщыну хуит ящIыркъым.

- Хэхыныгъэ фондхэм ахъшэ халъхьэну хуит ямыщI щIыху щхьэхуэхэр е Iуэхущ1ап1эхэр щыIэ?

- Апхуэдэ цIыхуэхэр кьыщыгъэльэгъуащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Закон №56-РЗ-м «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатхэр хэхыным и Iуэхуэдэ» 2008 гъэм щыщ хьэIум и 5-м кьащтам, и 53 статьям и Iыхьэ 6-м.

Кьамыгъэсэбэпу кьэна ахъшэр кьызыбгъэдэкIахэм яхуегъэхьыжыным, хэхыныгъэр щекIуэкIынум нэсыху кьаутIыпща ахъшэр а счетым илъхьэжыным нэмыщI, хэхыныгъэ счет щхьэхуэм иль ахъшэр зегъэкIуэныным пыщIа адрей Iуэху псори хэхыныгъэр щекIуэкI махуэм ирихьэлIу кьызэтрагъэувыI.

Хэхыныгъэ счет хэхар хэхакlуэ зэгухьэныгъэм финанс Iуэхуэхэмкlэ и уполномоченнэ лIыкIуэм зэхуещыж иужьрей финанс отчетыр щатыну махуэм и пэ кьихуэу (апхуэдэ отчетыр ятын хуейщ хэхыныгъэм кьрикIуахэр официальнэу кьыщыгтрадзам и ужькIэ махуэ 30 нэхь дэмыкIыу).

-Хэхакlуэ зэгухьэныгъэхэм я счетхэм иль ахъшэр къызэрагъэпэныжкIэ сыт хуэдэ хабзэхэр щыIэ?

- Хэхыныгъэ фондхэм я ахъшэр мурад пыухыкIа-хэм хуХах икIи ар хэхакlуэ зэгухьэныгъэхэм кьагъэсэбэп хьунущ хэхыныгъэм пыщIа Iуэхуэхэм трагъэкIуэдэн папщIэ.

Хэхакlуэ зэгухьэныгъэхэм хэхыныгъэр егъэкIуэкIыным пыщIаяу Iуэхуэхэр зэгухьэныгъэхэм финанс Iуэхуэхэмкlэ и уполномоченнэ лIыкIуэрщ. Хэхакlуэ зэгухьэныгъэм ящхьэкIэ кьыщыгъэльэгъуа Iуэхуэхэр (Iуэхутхьэбзэхэр) зэрызэфIагъэкIам папщIэ юридическэ IэнатIэхэм уасэхэр зэрыритыр Iэрымылъхьэщ.

Жазаевэ Каринэ

- Хэхакlуэ зэгухьэныгъэхэм я счет щхьэхуэхэм ахъшэ къызэрагъэльхьэр, а ахъшэр къызэрагъэсэбэпыр хабзэм къызэрезэгъым кIэлъыплъыр хэт?

- Апхуэдэ лэжьыгъэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакlуэ комиссэм ирегъэкIуэкI КъБР-м и Хэхакlуэ комиссэм и деж щыIэ Къэпщытакlуэ-ревизэ къулыкъум щыIэщу. Ахэр кlэлъопль хэхыныгъэ фондхэм ахъшэ къызэрыральхьэр, абыхэм иль ахъшэр къызэрагъэсэбэпыр законым къызэрезэгъым. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакlуэ комиссэм зацыхуигъэзам щыщIэдзауэ махуитху пIалъэм кьриубыдэу Урысей Федерацэм и цыхуэхэр здэщIэ, ахэр щыпсэу щыпIэхэм щызыхьт органхэм, гъэзэщIакlуэ властым и органу юридическэ IэнатIэхэр кьэралым и цIэкlэ зытххэм е фейдэ кьэлэжьыным пымыщIа организацэхэр зыт хэхэм законым къызэрыщыгъэувам хуэдэу пщIэнщэу кьапщытэ хэхыныгъэ фондхэм ахъшэ щыхалъхьэм цIыху щхьэхуэхэмрэ юридическэ IэнатIэхэмрэ кьагъэльэгъуахэр икIи абы кьрикIуахэр комиссэм и пащхьэ иралъхьэж. Хабзэм кьемыззэгъ кьыщыкъуэкIам деж Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакlуэ комиссэм апх уэдэ ныкъуасанигъэхэр гъэзэкlуэжыным хуэунэтIауэ законым кьигъэувкэр зэфIегъэкI.

Си псалъэм и кIэуху кьыхуэзгъэщыну сыхуейщ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакlуэ комиссэр хэхакlуэ зэгухьэныгъэхэм я счетхэм ахъшэ кьызэрихьэм, а ахъшэр зэрызэрагъакlуэм зэрыкlэльыплъынур икIи а Iуэхуэхэр Урысей Федерацэмрэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэмрэ я законодательствэм кьызэрезэгъыр ткIийуэ кьызэрипщытэнур.

ЧЕРЕМИСИНЭ Наталье.

Сурэтыр **ЕлъкIан Артур** *трихащ.*

Исламым и нур

Едэхащlэурэ

●Къуэкlыпlэ хъыбар

Индием и щlыналъэхэм ящыщ зым щытепщэт нэмыс зыхэль, цlыхухэм пщlэ яхуэзэщlыф, ауэ хьэл-щэн быдэ зыдальаГу у, зи ныбжьыр хэкlуэта тхьэмадэ бжьыфlэ. Ар цlыхухэм я нэгум ильэрэщым щепсальэкlи, зыгуэрхэр кьщыраткlи щыlахкlи. Фlэфlт и lитlыр и щыбгъыкlкlэ щыхэтетыу кьыкlуkl-нмкlукlыуэр, и кьулыкъум пщlэ зэрыхуящlыр кьиГэльэГуэнкlи, пщы цlэрыlуэхэм заригъэшхьыныр.

